

Kalandriye ane lekòl 2026–2027

Sa a se kalandriye ane lekòl 2026-2027 pou tout lekòl leta NYCPS soti nan 3K rive klas 12yèm ane. Si pitit ou a nan yon lekòl prive, yon lekòl pawasyal, yon lekòl charter school, yon Sant edikasyon pou debitan NYC (NYCEEC), oswa nan yon pwogram gadri adomisil, tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn enfòmasyon sou pwòp kalandriye yo. Tanpri sonje bagay sa yo:

- Nan jou bilding lekòl yo fèmen poutèt move tan oswa lòt ijans, NYCPS gendwa ap fonksyone adistans.
- Dat pou konferans paran-pwofesè pou lekòl endividyèl kapab diferan avèk dat ki pi ba yo. Pwofesè pitit ou a ap travay avèk ou pou pran randevou pou yon konferans.
- Nan orè sa a, yo defini **lekòl primè** kòm pwogram ki gen klas kindergarten (K) jiska 8yèm ane, ladan lekòl ki gen pwogram 3-K ak Pre-K, ansanm avèk sa yo ki fini nan klas 5yèm oswa 6yèm ane. Yo defini **lekòl presegondè** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–8yèm ane, epi yo defini **lekòl segondè** kòm pwogram ki gen klas 9yèm–12yèm ane. Yo defini **lekòl 6-12** kòm pwogram ki gen klas 6yèm–12yèm ane nan menm lekòl la.

Dat	Jou lasemèn	Aktivite
10 septanm	Jedi	Premye jou lekòl
21 septanm	Lendi	Yom Kippur, pa gen lekòl
23 septanm	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
24 septanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
30 septanm	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
12 oktòb	Lendi	Jou eritaj italyen/Jou moun endijèn, pa gen lekòl
3 novanm	Madi	Jou eleksyon, lekòl ap fonksyone adistans pou tout elèv.
5 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè ak pou sant Pre-K; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
11 novanm	Mèkredi	Veterans Day, pa gen lekòl
12 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
19 novanm	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
20 novanm	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 612; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
26–27 novanm	Jedi–Vandredi	Vakans Thanksgiving, pa gen lekòl
24 desanm – 1ye janvyè	Jedi–Vandredi	Vakans lè, pa gen lekòl

18 janvyè	Lendi	Anivèsè Dr. Martin Luther King Jr., pa gen lekòl
26-29 janvyè	Madi - Vandredi	Egzamen Regents
1ye fevriye	Lendi	Jounen devlopman pwofesyonèl; pa gen lekòl pou elèv ki ale nan lekòl segondè ak lekòl ki sèvi sèlman klas 6yèm-12yèm ane. Gen lekòl pou tout lòt elèv.
2 fevriye	Madi	Sèmès prentan kòmanse
15–19 fevriye	Lendi–Vandredi	Vakans mwatye Ivè, pa gen lekòl
3 mas	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
4 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi ak nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
9 mas	Madi	Eid al-Fitr, pa gen lekòl
18 mas	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
19 mas	Vandredi	Konferans paran-pwofesè nan aprèmidi pou lekòl segondè, lekòl K–12 ak 6-12; y ap lage elèv nan lekòl sa yo twazèdtan pi bonè
26 mas	Vandredi	Vandredi Sen, pa gen lekòl
22-30 avril	Jedi–Vandredi	Vakans Prentan, pa gen lekòl
12 me	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, K–12, ak lekòl 6–12
13 me	Jedi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
17 me	Lendi	Eid al-Adha, pa gen lekòl
26 me	Mèkredi	Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak Sant Pre-K
31 me	Lendi	Memorial Day, pa gen lekòl
8 jen	Madi	Jounen klerikal; pa gen lekòl pou elèv ki nan 3-K, Pre-K, lekòl primè, lekòl presegondè, lekòl K–12, ak pwogram otonòm D75.
10 jen	Jedi	Jou Anivèsè/Jou konferans Chanselye pou fòmasyon estaf; pa gen lekòl pou elèv jou sa a.
15– 18 ; 21–25 jen	Madi–Vandredi; Lendi–Vandredi	Egzamen Regents
28 jen	Lendi	Dènye jou lekòl pou elèv